Xamle jëm ci bibiliyoteku àbbukaay yi ci dëkku Pari

Bisimila ci bibiliyotegu àbbukaay yi ci dëkku Pari !

Mbootaayuk bibiliyotek yi ci Pari tollu nañu ci 57 bibiliyotek ci arondismaa Pari yépp, yoo **man a dugg noo ko bëgge, ñeel ñépp ci te duñ fay dara.**

Bibiliyotek yi ci Pari danañu leen jagleel ay bérébu dalukaay, fu nu man a joqalante ay xibaar, fu nu mana féexale sa xol ci taxawaayu kureel yu bari ; dananu leen jagleel lu tollu ci 3 miliyoŋ ak genn wàll ciy téere ak 800 ordinaateer à votre disposition.

Yenn kurel yi laaj na nga bindu (àbb ay téere, jëfandikoo ordinateer ci luweesu 15 minit, ak ñoom seen) wante am na yeen yu laajul bindu (jëfandiku bérébu liggéeyukaay, seetaan am xumbeel ci aada ak cosaan, ak ñoom seen).

Bindu ci bibiliyoteg

Bindu benn yoon doy na ci nga man a àbb ci bibiliyotegi Pari yépp.

Ñépp a man a bindu, mag walla ndaw, ku dëkk Pari walla ku fi dëkkul

Ngir nga man a bindu, laaj na ab kayitu dantite : kart dantite réew mi, paspoor, permi kondiir, kartu sesuur, resipise ñaan làqu, karne njaboot walla sa fiisu bopp ci sa juddi ak nekkin

Kartu bibiliyoteg bi dana dox at dale ko ci besu bindu ba. At mu jot, na nga bayyi xel ci yeesal seen kart ngeen indiwaale seen kayitu dantite wuy dox ak seen kart jëfandikukat

Kureel yi

Ableb dokimaa

Dangeen man a yegg ci 3 milioŋ ak genn wàll ci ay dokimaa ; yi ci ëpp-téere, rëwi, BD, ay xët yu nuy jàng, njànginu làkk- dees na ko man a àbb ci loo dul fay ba mu des ay CD yu misik ak ay dvd yuy laaj nga fay mbindu mi.

Bibiliyoteg ci ordinateer, ay matukaay yuy déktal njangin ak ay tablet

Ci dalub bibiliyoteg ci enternet, man ngéen a àgg ci ab bibiliyotegu téere yu nu sëf ci enternet bi. Ay matukaay yu lay dital njàngin dees na la ko abal diirub ñetti ayu bës ci anam yu mel ne yoy téere. Benn bu ne ci ñoom dana am benn kàggu gu ëmb 1300 téere ci kallaama nasaraan akit ci angale español, almaŋ…

Dees na la wan itam ay tablet yu aju ci ay xumbel ñeel xale yi ag mag ñi

Ñàngum nasaraan ak yeneen làkk yu bittim réew

Li ëpp ci bibiliyoteg yi dananuy jagleel nit ñi ay jànginu làkk, wante lenn ci ñoom làkk yu bari la nu dajale tey baaxe nit ñi ay doxalin yu bari ci njaginu làkk (Nasaraan di làkk bittim réew, angale, almaŋ, español, bengali, ezipse, endonese, pasto, persaa, ris, ruume, ak ñoom seen)akit ay téere, ay xëti xamle walla kàggu yu nuy déglu ci làkki bittim réew.

Am na yennat ci ay bibiliyoteg you wone amal ay jatayu waxtaan ci nasaraan ñeel ay mag yuy jàng làkk wi.

kureelu Ndimbal

Ci biir bibiliyoteg yi amal nanu fa ag kureel guy jàppale elew yi ci daara yu suufe yi a kyu digg-doomi yi ngir ñu man a wàccook seeni sas.

Jëriñu gu àndul ak pay ci WIFI

Ci ndimbalu Pari-WIFI, man ngeen a jokku ci enternet bi amul fiil te am doole ci biir bépp bibiliyotegu dëkku Pari.

700 ordinaateer yu ku ne mana jëfandinkoo

Ay ordinaateer yu ku ne man a jëriñoo jagleel nanu leen ko ci bibibliyotegu gox yi. Yu leen jox jokko gu amul fay te àndak kaarange ci ay mbir yu am solo yu nu sëf te aar ko ci enternet bi.

- **Ordinateer 15 minit (amul bindu)**

Ordinateer yi nu tudde « ñi jaar jàll» ci ab diirub 15 minit laajulbindu ngir man leen a jëriñoo

- **Ordinateer 2 waxtu (laaj bindu)**

Yooyu ordinateer way jëriñukat yi am kartu bindu yuy dox ba leegi ñoo ci man a àgg. Post « ngir mag » soo amee 12 at nga koy man a laal ci diiub 2 waxtu rekk bés bu ne. Postu « ndaw ñi » nu ngi jagleel tuut tànk yi ci diir bu dul weesu 1 waxtu ci bés bi.

Porogaraamu aada ak cosaan bu am solo te bari

Bibiliyotegu Pari yi danañu amal ab porogaraam bu ciaada ak cosaan yu bari te wuute ñeel mbooloo yi, yu nu man fekkee ci lu nu dul fay walla nuy bindu :

Ay film, ay ndaje, konseer, ay waxtaan, ay wone liggeey, ataliye, waxtu léeb, ay mbootaayu njàngum téere, ay po ci widewo, ay bibiliyoteg mbedd ci nawet, ak ñoom seen.

Demleen xamtu ci bunt bii http://bibliotheques.paris.fr/agenda.aspx ngir yenn fànn yi (ay béréb, ay xumbeel, ay waxtu…)

Ngir waa woy laago yi

Li ëpp ci bibibliyoteg yi way laago yi man nañu cee dugg. Ci biir fànnuk Way tëx yi ak seenum njàng, dugg gu, nu yombal, ay téere ak ay kureel yu ànd ak ñoom amal nanu ko fa.

Ngir ngeen gën cee yewwu, demleen ci http://meslieux.paris.fr/bibliotheques

Ndajem laaj yi

Ana lan mooy waxtuy bibiliyoteg yi ?

Bayyil xel ci ne bibiliyoteg yépp bokk ñu ay waxtu, demleen ngeen laaj ci http://meslieux.paris.fr/bibliotheques !

Ana lan nga man a àbb ?

Bindu dana tax nga man a àbb ci bibiliyotegu Pari yi, liu yegg ci 20 téere a kyu ni mel bokk ci 5 DVD. Manees naa àb itam ay diglekatukayu jàng ak ay téere yu nu sëf ci enternet.

Ñaata waxtu ngeen man a tëyye téere yooyu ngeen àbb ?

Téere yi manees na leen yor diirub 3 ayu bés yu nu man a yeesalaat 2 yoon bu yeexoo koo delloosi, walla am ku sàkku nu dencal ko ko. Man ngeen yeesal seen àbb ci seen kont enternet walla ngeen ñëw ci bibibliyoteg bi.

Ana naka ngay xamee ne téere bi ngay laaj beggandi na ?

Nga yër kàgguk bibiliyoteg yi ci enternet

Fooy dem ngir delloo téeere yi nga àbb ?

Nu ngi leen di dello ci bibiliyoteg bi nu ko àbbee woon

*Ana lan mooy njari*ñu kont way jëfandiku ?

Ngir man a sàkku nu dencal la, walla nu yokkal la sag tëyye téere, xam li nga àbb ak bés mujjeel ba nga manul a weesu ci delloo ko.

Ana naka laay duggee ci sama kont ?

Demal ci https://bibliotheques.paris nga kilike ci

Xët wiy ubbeeku moo lay may nga man a wax yaay kan ci kaw ci sa ndeyjoor :

Li wone yaay kan mooy sa nimero kart (amul diggante amul it ay tomb)

Baat jallee bi mooy sa bésub juddu, bu mu am diggante a kit ay tomb (misaal 16021980)

Waaw bu ma tardee ci delloosi téere yi ma àbb nak ?

Kart dana taxaw saa yu amee ag yeexal gu tollu ci 7 fan walla lu ko ëpp, ba bay téeere yi di dellusi. Daan yi ci yeexal gi lees wara fay la bu matee 15 €

- 0,15€ bés bu tarde bu ne ci téere bu ne (ñeel mag ñi)
- 0,07€ bés bu tarde bu ne ci téere bu ne (ñeel tuut-tànk yi) walla nu aj la diirub 2 ayu bés.

Joxel sa adarees meel ngir nu man laa fàtali sa datu jeexal àbb

Waaw bu ma yàqee walla ma réeral ab téere nak ?

Téere yi réer wall yàqudees koo wara fay walla ngeen wuutal leen yeneen

Ana naka la nuy sàkko nu dencal la ay téere ?

Man ngeen a denculu 10 téere ci anam gu mu man a doon

Waaw suma réeralee sama kart ?

Bul fàtte dem waxi ko ci bibiliyoteg bu la soop nu mu gëna gaawe ne réeral nga walla sàcc nanu sa kart, dananu la deferal weneen kart. Ci diir 15 juroom dale ko ca bés ba nga ko waxe.

Ana naka ngay jokku ci enternet bu WI-FI bi ?

Ngir nga jokku ci enternet bi, dangay tànn enternet Pri_Wi-Fi, topp ci nga dugal sa adareesu meel.

Ana naka ngay konectewoo ci ordinaateeri bibibliyoteg bi ?



Xameekaay bi mooy sa nimero jëfandikukat biy nekk ci kartu bibibliyoteg bi.

Sa bésu judd mooy baatu jàlle bi ci lu àndul ak benn diggante walla ay tomb (misaal : 16021980)

Ndawi bibiliyoteg yi nu ngi ci ngir seen ndimbal ngir tontu seeni laaj.